



STATE OF NEW YORK
DEPARTMENT OF TAXATION AND FINANCE

W.A. HARRIMAN CAMPUS
ALBANY, NY 12227

Pou Piblikasyon: Jedi 11 avril 2013
Kontak: Geoffrey Gloak, 518-457-7377

Avètisman pou Konsomatè yo:
Pran Anpil Prekosyon Avèk Moun San Pèsonalite k ap Prepare Taks
epi k ap Vòlè Ranbousman yo

Jodi a, Sipòtè Dwa Kontribiyab Eta New York, Camille Siano Enders, avèti kontribiyab yo pou yo pran prekosyon yo avèk moun k ap prepare taks pou lajan epi k ap vòlè ranbousman yo.

Men kijan fwod la fonksyone: Yo fè kontribiyab la – ki pa abitye avèk fòm taks yo oswa ki pa kapab li yo – kwè ranbousman li se \$200, lè vrè ranbousman an se \$2,000. Moun san pèsonalite ki prepare taks la peye kontribiyab la \$200 imedyatman. Answit, moun ki prepare taks la fè aranjman pou yo depoze ranbousman \$2,000 nan kont li gen labank, sa ki pèmèt li vòlè diferans \$1,800.

Madam Siano Enders di konsa, “Pran mezi pou asire ou pa vin viktim avèk yon preparatè taks malonèt. Gwo kantite moun k ap prepare taks pou lajan bay konsèy ak sèvis ki onèt ak pwofesyonèl. Men fwod tankou sa a sèvi kòm mwayen pou fè kontribiyab yo sonje yo dwe toujou vijilan.”

Sipòtè Dwa Kontribiyab la te rekòmande etap sa yo pou moun k ap pran sèvis yon preparatè taks:

- Fè moun ki prepare taks la revize ranbousman ou avèk ou anvan ou siyen li.
- Pa janm siyen yon fòm taks ki vid oswa ki pa vin ranpli
- Asire moun ki prepare taks la siyen fòm taks la kòm sadwa
- Pa kite moun ki prepare taks la depoze lajan ranbousman ou nan kont kouran li labank – fè li depoze ranbousman lajan taks ou dirèkteman nan kont labank ou oswa fè li voye li ba ou nan yon [kat debi](#)
- Kenbe yon kopi fòm taks ou yo ki ranpli ak siyen

Rapòte evazyon fiskal oswa fwod nan taks

Èske ou sispèk yon moun k ap prepare taks pa respekte lalwa? Ou kapab fè yon plent depi ou rele 518-457-0578 (gen entèprèt ki disponib pou ede ou).

Pou jwenn plis enfòmasyon

- Konekte sou entènèt nan sitwèb [Taxpayer Advocate](#) (Moun k ap Defann Kontribiyab)
- Jwenn piblikasyon ki nan [multiple languages](#) (plizyè lang)
- Ale nan [Youtube channel](#) (Chèn Youtube) nou pou gade videyo ki nan lang Panyòl